




Respironics OptiChamber Diamond


OptiChamber Diamond ede ou jwenn medikaman inalè ou nan poumon ou, kote li travay.

Tanpri swiv enstriksyon sa yo ak anpil atansyon, epi li enstriksyon sou itilizasyon ki anndan bwat Diamond OptiChamber a tou.


Kouman pou itilize valv konpatiman retni OptiChamber Diamond antistatik ou an




1. Retire bouchon inalè ak konpatiman an.



2. Mete inalè a nan do konpatiman an.




3. Souke konpatiman an ak inalè a dapre enstriksyon inalè a.



4. Mete lèw ou alantou pati ki pou bouch la, fòme yon sele sere epi respire. Flite yon sèl spre nan medikaman an epi imedyatman respire li tou dousman, pran yon gwo souf plen.*




5. Kenbe souf ou pou jiska 8 segond, apre sa a, lage souf ou. Si son "siflèt" alèt koule a pati, respire pi dousman.




6. Si w ap itilize yon mask, mete li sou nen ak bouch ou. Flite yon sèl spre nan medikaman an epi kenbe sele a pou 5-6 souf.*

* Si enstriksyon an mande pou pran plis pase yon sèl souf, rete tann yon minit, apre sa a, repete etap 4-6.


Netwaye konpatiman ak mask ou chak semèn




1. Retire bouchon an, vire pati ki pou bouch la pou demonte li, retire bouchon nan pwent lan ansanm ak mask la (si li itilize).



2. Agite pati yo pou 2 minit, apre sa tranpe yo pou 10 minit nan savon dlo tyèd.



3. Rense pati yo nan dlo tyèd epi kite yo seche nan lè lib.




4. Remonte konpatiman an epi mete li nan yon kote ki pwòp e sèk.






Kijan Pou Sèvi ak Nebilizè ou


Yon nebilizè chanje medikaman likid a yon spre pou ou ka respire li fon nan poumon ou. Tucker itilize nebilizè li lè li lakay li ak Sami. Pa bliye fè yon granmoun ede w' sèvi epi netwaye nebilizè ou.




1. Mete konpresè nebilizè ou a sou yon tab.




2. Ploge konpresè a nan yon priz elektrik.




3. Konekte youn nan pwent tib la nan gode medikaman an epi lòt pwent lan nan konpresè a.




4. Plen gode medikaman an avèk medikaman ou.



5. Limen konpresè a epi tcheke pou wè si yon vapè dlo ap soti nan pati bouch la.



6. Chita dwat. Mete pati pou bouch la nan bouch ou epi respire tou dousman antre ak soti. Lè w'ap itilize yon mask, ou ka respire antre ak soti menm jan an.




7. Lè medikaman an parèt prèske fini, tretman ou an fini. Etenn konpresè a.

Netwaye konpresè ou a




1. Deploge konpresè ou anvan ou netwaye l'.
2. Tcheke filtè a yon fwa pa semèn epi ranplase l' si li sal.




3. Siye deyò konpresè a yon fwa pa mwa ak yon twal mouye.
4. Mete li nan yon kote ki sèk, an sekirite.

Netwaye nebilizè ou



1. Apre chak itilizasyon dekonekte tib la epi demonte nebilizè a.
2. Lave pyès nebilizè yo avèk dlo savon tyèd.




3. Rense avèk dlo pwòp epi seche a lè lib.
4. Yon fwa pa semèn, bouyi tout pati eksepte tib yo, nan dlo ak 2-3 gout savon vesèl likid pou 10 minit.






Kijan pou Sèvi ak nebilizè SideStream ou a


Kijan pou Sèvi ak nebilizè SideStream ou a




1. Mete konpresè a sou yon sifas ki solid.




2. Konekte tib la a konpresè a ak gode medikaman.




3. Devise bouchon an.




4. Plen gode medikaman an.




5. Remete bouchon an. Konekte pati pou bouch la.




6. Pa kage SideStream.



7. Ploge konpresè a.




8. Limen bouton an.




9. Chita dwat, rilaks, epi respire antre soti tou dousman.


Si ou bezwen itilize mask SideStream granmoun oswa pedyatrik la



1. Remete pati pou bouch la ak adaptè mask la ansanm ak mask la.



2. Plase mask la sou nen ak bouch ou.




3. Pase kòd la sou tèt ou epi ajiste.






Enstriksyon pou netwaye Nebilizè ou


Aprè chak itilizasyon (pou tou de SideStream re-itilizab & jetab)...



1. Dekonekte tib la de aparèy la.




2. Demonte epi lave tout pati yo nan dlo tyèd (eksepte tib yo).




3. Rense nan dlo pwòp epi seche nan lè lib.


Yon fwa pa semèn (pou SideStream re-itilizab sèlman)...



1. Mete pati yo (eksepte tib yo) nan dlo ak 2-3 gout savon vesèl likid.



2. Bouyi 10 minit.



3. Rense nan dlo pwòp pou 2 minit epi seche nan lè lib.

